

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMENDASI

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun medar jeung nganalisis eusi carita dina novel *Pamanah Rasa* karya Yoséph Iskandar anu ngawengku (1) struktur carita (téma, fakta carita, jeung sarana sastra) (2) ajén atikan karakter (18 ajén atikan karakter nurutkeun Kemendiknas) jeung (3) larapna hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran siswa di SMA kelas XI. Data nu digunakeun dina ieu panalungtikan sagemblengna nyoko kana eusi dina carita novel *Pamanah Rasa*, hususna nu patali jeung struktur carita sarta ajén atikan karakter. Tiori nu digunakeun dina ieu panalungtikan, nyaéta: (1) tiori struktural nurutkeun Robert Stanton, nu ngawengku téma, fakta carita, katut sarana sastra; (2) tiori ajén atikan karakter nurutkeun Kemendikbud nu ngawengku 18 ajén atikan karakter: 1) *rélijius*; 2) *jujur*; 3) *toléransi*; 4) *disiplin*; 5) *kerja keras*; 6) *kreatif*; 7) *mandiri*; 8) *demokratis*; 9) *rasa ingin tahu*; 10) *semangat kebangsaan*; 11) *cinta tanah air*; 12) *menghargai prestasi*; 13) *bersahabat/komunikatif*; 14) *cinta damai*; 15) *gemar membaca*; 16) *peduli lingkungan*; 17) *peduli sosial*; 18) *tanggung jawab*. Anapon métode jeung téhnik nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta ngagunakeun métode déskriptif analisis kalayan pamarekan kualitatif, kitu deui instrumén nu digunakeun nyaéta instrumén ngumpulkeun data jeung ngolah data; jeung (3) tiori bahan ajar nurutkeun Nasution.

Struktur carita dina novel *Pamanah Rasa* kapaluruh ayana téma, fakta carita, jeung sarana sastra. Téma dina ieu novel nyaéta lalampahan Pamanah Rasa ti ngawitan indit ti karaton ka Saung Sanghiyang Linggahiyang, tuluy diwarah di leuweung Pagelaran nepi ka meunangkeun sagala rupa élmuning perang, élmuning katatanagaraan jeung kapanditaan, nu antukna éta élmu téh mawa Pamanah Rasa jadi pamingpin di Nagri Sindangkasih. Éta hal katitén sabada maluruh sakabéh kajadian-kajadian nu nyampak dina eusi novel.

Tokoh nu aya dina novel *Pamanah Rasa* kapaluruh jumlahna téh aya leuwih ti 52 tokoh, pangna disebut leuwih lantaran aya sababaraha tokoh nu teu kaitung jumlahna saperti para pangasuh, mojang-mojang jeung jurit-jurit sagara. Tokoh dumasar peran pentingna tokoh dibagi jadi dua, tokoh utama jeung tokoh tambahan. Anu kaasup kana tokoh utama di antarana Pamanah Rasa, Mahaprabu Wastu Kancana, Prabu Ningrat Kancana, Ki Hulujurit, Paman Léngsér, Nyai Putri Ambetkasih, jeung Ki Gedéng Sindangkasih. Ari nu kaasup kana tokoh tambahan atawa saukur tokoh panglengkep wungkul di antarana Banyak Catra, Banyak Ngampar, Ajar Kutamangu, jeung Jayaningrat, Para Pangasuh, Sang Purohita Pandita Agung Nagara, Ki Lingga, Ni Lingga, Ki Candoli, Patih Goah, Juru Masak, Nyai Putri Ratna Ayu Kirana, Patih Taman, Opat Jagabaya, Ni Carini, Mojang-mojang, Mbok Casmi, Embi, Lima Balamati, Dua welas Ponggawa, Jurit-jurit Sagara, Ki Mangkubumi, Jaksanagara, Sang Haliwungan, jeung Ki Utusan. Dumasar kana fungsi penampilan tokoh, dibagi jadi dua nyaéta tokoh protagonis jeung tokoh antagonis. Anu kaasup tokoh protagonis di antarana Pamanah Rasa, Mahaprabu Wastu Kancana, Prabu Ningrat Kancana, Ki Hulujurit, Paman Léngsér, Nyai Putri Ambetkasih, Ki Gedéng Sindangkasih, Banyak Catra, Banyak Ngampar, Ajar Kutamangu, Jayaningrat, Para Pangasuh, Sang Purohita Pandita Agung Nagara, Ki Lingga, Ni Lingga, Ki Candoli, Patih Goah, Juru Masak, Nyai Putri Ratna Ayu Kirana, Patih Taman, Opat Jagabaya, Ni Carini, Mojang-mojang, Mbok Casmi, Embi, Lima Balamati, Dua welas Ponggawa, Ki Mangkubumi, Jaksanagara, Sang Haliwungan, jeung Ki Utusan. Ari nu kaasup tokoh antagonis nyaéta Ki Nahkoda jeung jurit-jurit sagara. Satuluyna aya latar, anu dibagi deui jadi tilu nyaéta latar tempat, latar waktu, jeung latar suasana. Latar tempat kapaluruh aya 34. Latar waktu kapaluruh aya 16. Latar suasana kapaluruh aya 38.

Judul dina ieu novél téh ngaran lalakon utama nyaéta Pamanah Rasa. Ari puseur implengan nu dipaké ku pangarang nyaéta puseur implengan jalma katilu. Salasahiji hal nu jadi tinimbangan dina nangtukeun puseur implengan nyaéta cara pangarang nyaritakeunana ku nyebutkeun ngaran-ngaran tokoh. Satuluyna gaya basa dina novel kapaluruh aya 25 gaya basa nu nuduhkeun

gaya basa ngumpamakeun, rarahulan, mijalma, kadalon, lalandian, ngasor, jeung rautan.

Ajén atikan karakter nu nyangkaruk dina novel *Pamanah Rasa*, kapaluruh sagemblengna nyaéta: 1) *réligius*; 2) *jujur*; 3) *toléransi*; 4) *disiplin*; 5) *kerja keras*; 6) *kreatif*; 7) *mandiri*; 8) *demokratis*; 9) *rasa ingin tahu*; 10) *semangat kebangsaan*; 11) *cinta tanah air*; 12) *menghargai prestasi*; 13) *bersahabat/komunikatif*; 14) *cinta damai*; 15) *gemar membaca*; 16) *peduli lingkungan*; 17) *peduli sosial*; 18) *tanggung jawab*.

Sanggeus sakabéh struktur carita jeung ajén atikan karakter kapaluruh sagemblengna dina novel *Pamanah Rasa*, satuluyna dilarapkeun kana bahan pangajaran maca novel di SMA/SMK kelas XI. Cara nangtukeun luyu henteuna bahan pangajaran téh teu sagawayah, aya sawatara kritéria milih bahan pangajaran nurutkeun tiori Nasution di antarana tujuan nu hayang dihontal dina prosés pangajaran; dianggap mibanda ajén pikeun kahirupan manusa; dianggap mibanda ajén minangka warisan ti entragan saméméhna; aya gunana pikeun ngawasa hiji paélmuan; jeung luyu jeung kabutuhan katut minat siswa.

Jadi, sabada dianalisis ahirna bisa dicindekkeun yén dina novel *Pamanah Rasa* téh mibanda struktur carita nu lengkep, ti mimiti téma, fakta carita, jeung sarana sastrana. Kitu deui ajén atikan karakterna kapaluruh lengkep ti mimiti sikep *religius* nepi ka *tanggung jawab*. Tangtuna waé ieu novel *Pamanah Rasa* karya Yoséph Iskandar téh bisa dilarapkeun jadi bahan pangajaran maca novel di SMA/SMK kelas XI sabab eusina nu pinuh ku ajén-inajén nu hadé sarta bisa jadi bahan pieunteungeun manusa jaman kiwari.

5.2 Implikasi

Dumasar kana hasil analisis nu geus dilaksanakeun dina ieu panalungtikan, ieu panalungtikan téh miboga implikasi pikeun sababaraha pihak di antarana (1) pikeun panalungtik, bisa neuleuman pangaweruh dina widang atikan, sastra katut sajarah Karajaan Sunda-Galuh harita; (2) pikeun panalungtik satuluyna, bisa dijadikeun sumber référénsi tambahan; (3) pikeun masarakat, méré pangaweruh ngeunaan ajén atikan karakter hususna nu nyampak dina novél *Pamanah Rasa*

karya Yoséph Iskandar, bahan pieunteungeun manusa kiwari hirup kumbuh di masarakat; (4) pikeun akademisi, ieu panalungtikan mugia ngageuing kasadaran pentingna nerapkeun ajén atikan karakter di unggal pendidikan.

5.3 Rékomendasi

Sabada panalungtikan dilaksanakeun, panalungtik ngarasa perlu pikeun nepikeun sawatara rékomendasi pikeun pihak satuluyna nu baris nalungtik ngeunaan ajén atikan karakter.

Kahiji, dipiharep panalungtikan satuluyna bisa ngaguar leuwih teleb deui ngeunaan ajén atikan karakter sangkan bener-bener bisa nandangan kaayaan siswa-siswi nu héngkér ku ajén atikan karakter nu hadé jeung leungitna moral agama, ku cara ngalarapkeun hasil panalungtikan kana bahan pangajaran di sakola. Kadua, ieu panalungtikan téh masih aya kakuranganana, dipiharep pikeun panalungtik satuluyna sangkan leuwih ngajembaran deui panalungtikanana.